

Politik pou Èd Finansye ak Swen Byenfezans

Nan lespri misyon nou an pou sèvi ansanm nan lespri Levanjil la kòm yon prezans gerizon ki konpatisan epi ki ka pote transfòmasyon andedan kominate nou yo, Holy Cross Hospital, yon manm Trinity Health, pran angajman pou bay sèvis swen sante pou tout pasyan selon nesesite medikal yo.

Pou pasyan ki bezwen èd finansye oubyen k ap fè eksperyans difikilte finansye tanporè, Holy Cross Hospital ofri plizyè èd ak opsyon peman, ki genyen ladan yo swen byenfezans ak swen ak rabè, plan peman akoutèm ak alontèm, ak kapasite pou peman nan pòtay pasyan anliy.

Pasyan ki Pa Asire

Holy Cross Hospital garanti rabè yo pou tout pasyan ki pa asire ki resevwa sèvis ki nesesè sou plan medikal. Montan rabè pou pasyan ki pa asire yo baze sou Gid Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level, FPL). Relve kont pasyan yo ap montre montan rabè ak balans ki ajiste yo dwe a.

Sèvis tankou pwosedi kosmetik, èd pou tandem ak swen zye ki pa kouvri nòmalman pa asirans, yo faktire yo nan tarif pakè ki pa gen rabè siplemantè. Nou atann pou tout peman yo fèt nan moman sèvis la.

Plan Peman Akoutèm ak Plan Alontèm

Pasyan ki pa ka peye kèk oswa tout responsablite finansye yo ka kalifye pou plan peman akoutèm ak plan peman alontèm. Plan peman akoutèm Holy Cross Hospital la san enterè e balans pasyan yo dwe peye nan lespas yon ane. Gen plan peman ki pi long ak enterè ki disponib pou pasyan sa yo ki pa ka peye balans yo nan ennan.

Politik Èd Finansye / Swen Byenfezans

Gen yon rabè 100 poustan pou sèvis ki nesesè sou plan medikal ki disponib pou pasyan ki fè 200 poustan oubyen mwens pase **Gid Federal sou Nivo Povrete a**. Sèvis ochwa tankou chiriji estetik pa antre nan pwogram byenfezans nou an. Sila yo ki fè ant 200 ak 400 poustan nan Gid Federal sou Nivo Povrete a ka kalifye pou yon rabè pasyèl ki egal ak tarif rabè Medicare a. Yo p ap chaje pasyan ki kalifye pou èd finansye plis pase tarif rabè Medicare a.

Kopeman ak dediktib pasyan yo ka kalifye pou tarif ki gen rabè si yon pasyan kalifye pou èd finansye epi li fè mwens pase 200 poustan Gid Federal sou Nivo Povrete a.

Gen rabè ki disponib tou pou pasyan sa yo k ap fè fas ak depans katastwofik ki asosye ak swen medikal yo. Depans katastwofik yo fèt lè depans medikal yon pasyan pou yon epizòd



swen depase 20% nan revni li. Nan ka sa yo, kopeman ak dediktib pasyan an pa antre nan rabè a.

Yo ka refize rabè swen byenfezans yo si pasyan yo kalifye pou lòt sous finansman tankou plan Echanj Asirans Sante a (Health Insurance Exchange) oubyen kalifikasyon Medicaid epi yo refize oubyen yo pa vle aplike.

Pou aplike pou èd finansye, tanpri ranpli epi soumèt aplikasyon ou jwenn sou sit entènèt (<https://www.holy-cross.com/billing-insurance>). Yon vèsyon konplè Politik Èd Finansye Holy Cross Hospital la disponib tou sou sit entènèt sa.

Sèvis Finansye Pasyan

Konseye finansye yo disponib pou travay ak pasyan yo pou ranpli aplikasyon pou èd finansye a pou detèmine ki asistans ki disponib. Sa enkli evalyasyon kalifikasyon pou Medicaid ak plan Echanj Asirans Sante yo.

Pasyan yo ka kontakte yon konseye nan lopital kote yo gen swen an ki ka ede yo detèmine kalifikasyon pou èd finansye. Konseye finansye yo ka bay kopi gratis Politik Èd Finansye a, Aplikasyon an ak Rezime nan Langaj Klè a. Depatman Konsèy Finansye a (Financial Counseling Department) sitiye nan kanpis prensipal la nan Holy Cross Hospital nan 4725 North Federal Highway, Fort Lauderdale, FL 33308. Nimewo telefòn nan se (954)267-7771. Politik èd finansye a, Aplikasyon an ak Rezime nan Langaj Klè a tradui nan lang sa yo: Espanyòl.

Mache Asirans Sante a

Lwa sou Swen Bon Mache (Affordable Care Act, ACA) a egzije chak moun k ap viv legalman nan peyi Etazini pou genyen asirans sante apati 1 janvye 2014. Li bay plizyè milyon moun ki gen asirans ki twò piti oubyen ki pa gen asirans tou aksè a plan sante nan diferan nivo pri. Lwa a bay èd finansye tou a sila yo ki kalifye dapre gwochè ak revni fanmi yo. Apati 1 oktòb 2013, w ap an mezi pou fè acha nan yon nouvo Mache Asirans Sante anliy, yo rele tou echanj asirans sante, kote ou ka achte nan yon sèl gichè yon plan ki adapte ak bidjè w e nesesite kouvèti ou. Pwochen enskripsyon k ap genyen pou mache echanj asirans sante a se nan novanm 2019.